

**DHAPUR SINTAKTISE LELEWANE BASA MAWA PEPINDHAN
ING WOLUNG KARYANE RADEN NGABEHI RANGGAWARSITA**

Wahyu Sri Rizki, Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Wahyusri_rizki@yahoo.com

Abstrak

Panliten tumrap lelewane basa wis kerep katindakake dening pamarsudi basa. Nanging panliten kasebut durung ana kang mligi ngrembug ngenani dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan. Panliten kang wis tau ditindakake mung ngandharake teges kang kinandhut ing lelewane basa. Adhedhasar bab kasebut, underane panliten, yaiku kepriye dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan ing wolung karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane. Tujuwan panliten iki, yaiku kanggo jlentrehake dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan ing wolung karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhan.

Landhesan teori kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku teori transformasi generatif. Teori transformasi generatif dumadi saka rong perangan utama, yaiku asumsine teori transformasi generatif lan cara kerjane teori transformasi generatif. Cara kerjane teori transformasi generatif iki diperang dadi telu adhedhasar triaspek sintaktis, yaiku wujud, guna, lan kalungguhan.

Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik sinkronis, amarga basa kang diteliti yaiku Basa Jawa ing jaman Basa Jawa Anyar. Panliten iki asipat dheskriptif utawa jlentrehan dhata ing panliten iki, yaiku ukara kang nuduhake lelewane basa mawa pepindhan. Sumber dhata saka wolung karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita, yaiku Kalatidha, Candrarini, Cemporet, Sabdatama, Sabdajati, Wedharaga, Wirid Hidayat Jati, lan Jaka Lodhang. Dhata utama ing panliten iki yaiku ukara lelewane basa mawa pepindhan. Dhata dikumpulake kanthi cara metodhe studi pustaka, banjur ditulis ing kartu dhata. Dhata kang wis dikumpulake, banjur dijlentrehake kanthi cara kerjane teori transformasi generatif. Jlentrehane dhata disuguhake kanthi metodhe informal.

Titikane lelewane basa mawa pepindhan adhedhasar wujud ukara, yaiku (1) bebasan nduweni wujud ukara lamba; (2) saloka nduweni wujud ukara lamba lan ukara camboran; (3) sanepa nduweni wujud ukara lamba; (4) candra nduweni wujud ukara lamba; (5) rumpaka nduweni wujud ukara lamba; lan (6) isbat nduweni wujud ukara lamba lan camboran. Wujud ukara isih diperang adhedhasar gunane ukara, yaiku (1) bebasan nduweni gunane ukara (1) bebasan ukarane mawa lesan tanpa geganep lan tanpa lesan mawa geganep; (2) saloka ukarane mawa lesan tanpa geganep, tanpa lesan mawa geganep, lan tanpa lesan tanpa geganep; (3) sanepa ukarane tanpa lesan mawa geganep lan tanpa lesan tanpa geganep; (4) candra ukarane tanpa lesan tanpa geganep lan tanpa lesan mawa geganep; (5) rumpaka ukarane tanpa lesan mawa geganep tanpa lesan tanpa geganep; lan (6) isbat ukarane mawa lesan tanpa geganep, tanpa lesan mawa geganep, lan tanpa lesan tanpa geganep.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Lelewane basa mawa pepindhan mujudake salah sawijine piranti kanggo nggambarake lan menehi inspirasi kang cetha ing perangan basa kanthi lelewane (gaya) kang bisa narik kawigaten pamaos. Lelewane basa mawa pepindhan tuwuh amarga anane para pujangga kang nduweni daya rasa pangrasa gedhe ngenani prakara kang tuwuh ing sakiwa tengene, kanthi cara kang beda-beda anggone mangerteni lan negesi sekabehane prakara kang pinunjer kanthi nggunakake daya cipta, rasa lan karsa banjur ngasilake panemu saengga bisa ngasilake sawijine karya tulis. Daya cipta kang diduweni pujangga nalika nulis iki kang nuwuhake anane lelewane basa mawa pepindhan.

Lelewane basa mawa pepindhan narik kawigaten kanggo diteliti jalaran lelewane basa mawa

pepindhan ora mung bisa diteliti tegese wae nanging uga bisa diteliti dhapur sintaktise. Panliten ngenani lelewane basa mawa pepindhan wis kerep ditindakake dening para panliti. Nanging panliten-panliten kasebut mujudake panliten kang isih rowa lan durung mligi ngandharake dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan. Panliten kasebut mung munjerake panliten marang tegese lelewane basa mawa pepindhan kang sumimpen ing salah sawijine karya. Saliyane perkara kasebut, panliten-panliten ngenani lelewane basa kang wis ditindakake ing karya sastra klasik isih ngutamakake ngenani unsur filologine. Dene panliten kang mligi ngandharake ngenani dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan durung ditindakake.

Saperangan ngenani lelewane basa mawa pepindhan uga diandharake dening para ahli Basa Jawa, yaiku Padmosoekotjo sajrone bukune kang nduweni irah-irahan Ngrengrengan Kasusastran Jawa lan Subalidinata

ing bukune Sarining Basa Jawa. Ing buku kasebut, Padmosoekotjo lan Subalidinata isih sethitik anggene ngandharake ngenani lelewane basa mawa pepindhan. Padmosoekotjo lan Subalidinata mung ngandharake ngenani lelewane basa mawa pepindhan adhedhasar teges sastra pindha lan kang dipindhakake. Dene andharan ngenani dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan durung dicethakake.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliten iki nliti ngenani dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan kanthi objek karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita. Karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita kang diteliti ing panliten iki cacahé ana wolu, yaiku Kalatidha, Sabdatama, Sabdajati, Wirid Hidayat Jati, Jaka Lodhang, Cemporet, Wedharaga, lan Cemporet. Sengaja dipilih karya-karya reriptane Raden Ngabehi Ranggawarsita amarga Raden Ngabehi Ranggawarsita minangka pujangga pinunjul ing Kraton Surakarta kang nduweni produktipitas sarta akeh prestasi-prestasine. Karya-karya kang ditulis dening Raden Ngabehi kebak lelewane basa. Bab iki bisa dipresani saka panganggane lelewane basa mawa pepindhan ora mung dienggo nulis karya sastra wae, nanging uga dienggo nulis karya-karya non sastra. Basa kang dienggo dening Raden Ngabehi Ranggawarsita nalika nulis padhet nanging yen dionceki utawa dijlentrehake bisa dimangerteni rasa pangrasane sarta ancas lan tujuwane pujangga nulis karyane.

Panliten iki dionceki kanthi nggunakake cara kerjane teori transformasi generatif. Teori Transformasi Generatif nduweni paradigma, yaiku (1) Sintaksis gandheng karo ukara lan tuturan kang bisa diresepi dening indrane manungsa minangka struktur sanjabane basa (surface structure), (2) sajrone struktur batin (deep structure) ana sesambungan semantis lan sesambungan sistemik, lan (3) adhedhasar anane struktur batin kuwi, banjur struktur batin kasebut diandharake adhedhasar aspek wujud, guna, lan kalungguhane. Saka sesambungan wujud, guna, lan kalungguhane dimangerteni tegese lelewane basa mawa pepindhan.

Adhedhasar andharan kang wis dijlentrehake ing ndhuwur, panliten iki nliti ngenani dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan ing wolung karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita. Dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan diandharake ing panliten iki supaya luwih cetha lan gamblang anggene ngerteni teges lan titikane lelewane basa mawa pepindhan.

Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesane panliten kang wis disebutake ing ndhuwur, panliten iki dipunjerake marang dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan ing wolung karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita kang diperang dadi telu, yaiku wujud, guna, lan kalungguhane.

Tujuwane Panliten

Adhedhasar underane panliten ing dhuwur, kang dadi tujuwane panliten, yaiku njlentrehake dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan ing karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita kang diperang dadi telu, yaiku wujud, guna lan kalungguhane.

Paedahe Panliten

Asile panliten iki arupa andharan ngenani dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan ing wolung karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita kang diperang dadi telu, yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Panliten iki dikarepake bisa migunani kanggo ilmu Basa Jawa, mligine bisa kanggo tambahan wawasan ngenani dhapur sintaktise lelewane basa mawa pepindhan ing karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita kang diperang dadi telu, yaiku wujud, guna, lan kalungguhan.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Lelewane Basa mawa Pepindhan

Lelewane basa ing basa Indhonesia diarani gaya bahasa, dene ing basa Inggris diarani language style. Lelewane basa nduweni teges cara kang digunakake dening pujangga kanggo ngandharake pamikiran-pamikirane kanthi sarana kaendahan basa, lan lelewane basa bisa nuwuhake daya pamikir, rasa, lan emosi pamacane (Aminuddin 2000:72). Salbach sajrone Aminuddin (2000:72) ngandharake yen lelewane basa minangka pralambang saka kaendahan basa. Lelewane basa nduweni kalungguhan minangka sarana kang digunakake dening para pangripta kanggo ngandharake pikiran-pikirane.

Lelewane basa diperang dadi loro adhedhasar ana lan ora anane pepindhan, yaiku LBMP lan lelewane basa tanpa pepindhan (sabanjure LBTP). Pepindhan mujudake salah sawijine wujud saka lelewane basa. Tembung pepindhan dumadi saka tembung lingga “pindha” oleh panambang “an”. Tembung pindha nduweni teges kaya. Miturut Padmosoekotjo (1957:109) pepindhan yaiku unen-unen kang ngemu surasa pepadan, irib-iriban, emper-emperan. Dapukane ukara pepindhan nganggo tembung kaya pindha, utawa dasanamane, yaiku lir, pendah, kadi, kadya, lan lir-pendah. Mula LBMP bisa ditegesi yaiku reronce tembung kanthi tujuwan nandhingake salah sawijine samubarang karo samubarang liya kang ngemu surasa pepadan, irib-iriban, emper-emperan, lan nduweni teges entar. LBMP diperang dadi nem jinis, yaiku bebasan, saloka, sanepa, candra, rumpaka, lan isbat. Dene LBTP yaiku reroncene tembung kang dienggo nggambarake salah sawijine samubarang kang ora ngunakake pepindhan lan nduweni teges wantah. LBTP diperang dadi nem, yaiku paribasan, cangkriman, wangsalan, dasanama, purwakanthi, lan parikan.

Bebasan

Bebasan yaiku unen-unen sing ajeg panggonane, ngemu surasa pepindhan ing njerone. Sajrone bebasan kang

dipindhanake yaiku kahanan salah sawijine pawongan utawa tindak-tanduk (Padmosoekotjo, 1957:76).

Saloka

Saloka yaiku unen-unen kang ajeg panggonane ngemu surasa pepindhan. Sajrone saloka bab kang dipindhakake yaiku wong. Bab kang gegandengan karo wong yaiku wewatekan utawa kahanan pawongan kasebut. Tumrap saloka tembung kang isi pepindhaning wong iki akeh kang dumunung ana ing wiwitaning ukara utawa unen-unen. (Padmosoekotjo, 1957:45). Saloka nduweni cacah sing akeh banget. Sajrone saloka kang gunakake iketane ukara arupa purwakanthi guru swara. Saliyane iku saloka uga ana kang mung nggunakake baris (lugu) wae.

Sanepa

Sanepa minangka ukara pepindhan kang kadadeyan saka padapukane tembung watak utawa kahanan sinambung tembung aran. Sanepa dikripta kanthi gunakake lelewane basa, tembung lan ukara kang endah. Pamilihe tetembungan sajrone sanepa iki dimaksudake supaya bisa menehi palipur kanggo sing ngrungokake ora malah ndadekake larane ati (Padmosoekotjo, 1957:48). Sanepa yaiku unen-unen kang ajeg panggonane ngemu surasa tetandhingan lan duwe teges mbangetake kanthi nyurasa teges kosok baline (Subalidinata, 1994:11).

Candra

Candra nduweni teges nggambar utawa amarna kaendahan utawa kahanan sarana pepindhan. Sajrone candra pepindhan mung didadekake minangka sarana nyaritakake candraning kaendahan utawa kahanan kang ana ing urip. Tetembungan kang digunakake kanggo nyandra ora mung nggunakkake tetembungan basa rinengga, nanging uga nganggo tetembungan kang lumrah kang padinan (Padmosoekotjo, 1957:110).

Rumpaka

Rumpaka saka lingga rupa kang ngemu teges kahanan wewujud apa-apa kang bisa dideleng. Rumpaka yaiku unen-unen kang gegambarake kaendahan alam kodrate Pangeran (Subalidinata, 1994:14). Kanggo nggambarake kaendahan alam kasebut digunakake pepindhan.

Isbat

Miturut etimologi tembung Isbat diturunake saka tembung Arab kang nduwe teges ibarat. Ibarat uga kalebe tembung Arab. Isbat nduwe titikan kang padha karo saloka, nanging isbat ngandharake ngenani ngelmu gaib lan ngelmu kasampurnaning pati. Dene kang diarani ukara isbat yaiku ukara pepindhan kang ngandharake ngenani surasa piwulang. Piwulang kang diwulangne sajrone isbat yaiku ngenani ngelmu gaib. Ngelmu gaib yaiku ngelmu ngenani kasampurnan batin (Padmosoekotjo, 1957:79).

Isbat yaiku unen-unen kang ajeg panggonane lan mawa surasa pepindhan. Isbat awujud reroncene tembung kang ndhapuk ukara, ngemu teges entar, lan ngemu pasemon. Isbat saemper paribasan, tegese yaiku

nuduhake kawruh filsafat lan pasemon (Subalidinata, 1994:12).

Dhapur Sintaktise Lelewane Basa mawa Pepindhan

Dhapur sintaktis yaiku tatanan basa kang nduweni sesambungan klawan tembung kang dituturake. LBMP minangka salah sawijine perangan basa kang awujud ukara. LBMP uga nuduhake anane dhapur sintaktis. Dhapur sintaktise LBMP diperang dadi telu, yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Telung perangan kasebut bakal nemtokake wujud ukara kang ndhapuk LBMP. Telung perangan sintaktis minangka dhapur sintaktise LBMP lan wujud ukara kang ndhapuk LBMP kaandharake ing ngisor iki

Wujud

Miturut pamawase Sudaryanto (1991:13), wujud asipat formal lan sistemik. Sinebut formal amarga mung mujudake aspek wujud. Sistemik amarga nalika nemtokake wujud sajrone ukara ora perlu nggatekake wujud tembung ing sandhinge. Sudaryanto (1991:65) negesake menawa wujud lumrahe arupa tembung.

Kridalaksana (2008:67) uga urun rembug menawa guna, yaiku (1) beban makna sawijine satuwan basa, (2) sesambungan antarane sawijine satuwan karo unsur-unsur liyane sajrone deret satuwan-satuwan, (3) panganggane basa kanggo tujuwan tartamtu, (4) kalungguhan struktur batin saka sawijine pocapan lan sesambungan kanthi struktural karo unsur liya, lan (5) kalungguhan sawijine unsur sajrone satuwan sintaksis kang luwih amba.

Kalungguhan

Miturut pamawase Sudaryanto (1991:13), kalungguhan kalebu tataran kang katelu lan paling asor drajad abstrake yen dibandhingake karo aspek liyane. Sudaryanto (1991:67) nambahake manawa kalungguhan kuwi ngisi guna kang asipat semantis utawa maknawi lan sintaktis utawa struktural.

Wujud Ukara kang Ndhapuk Lelewane Basa mawa Pepindhan

Wujud ukara yen kadeleng saka cacah gatra kaperang dadi loro yaiku, ukara lamba lan ukara camboran. Miturut Sasangka (2013: 181), Ukara lamba yaiku ukara kang dumadi saka sagatra. Tegese, ukara kasebut mung dumadi saka jejer lan wasesa sarta bisa ditambah lesan, geganep, utawa katrangan. Dene ukara camboran miturut Sasangka (2013: 182), saben ukara kang dumadi saka rong gatra utawa luwih bisa kasebut ukara camboran. Saka wujud ukara, ukarane LBMP kalebu jinis ukara camboran.

Landhesane Teori

Teori kang digunakake minangka landhesan ing panliten iki yaiku teori transformasi generatif. Teori transformasi generatif miturut Adipitoyo (2002:4) teori Transformasi Generatif nduweni paradigma, yaiku (1) Sintaksis gandheng karo ukara lan tuturan kang bisa diresepi dening indrane manungsa minangka struktur sanjabane basa (*surface structure*), (2) sajrone struktur

batin (*deep structure*) ana sesambungan semantis lan sesambungan sistemik, lan (3) adhedhasar anane struktur batin kuwi, banjur struktur batin kasebut diandharake adhedhasar aspek wujud, guna, lan kalungguhane. Katelu aspek kasebut banjur sinebut triaspek sintaktis.

METODHE PANLITEN

Jinis Panliten

Panliten iki kalebu ing jinis panliten sinkronis, amarga basa kang dienggo minangka Basa Jawa ing jaman Basa Jawa baru. Panliten sinkronis, yaiku panliten basa kanthi nлити fenomena sawijine basa ing wektu tartamtu (Mahsun, 2012:117). Semono uga panliten iki bakal njlentrehake ngenani LBMP sajrone ukara Basa Jawa kang dienggo ing jaman Basa Jawa Baru.

Sipate Panliten

Panliten ngenani linguistik asipat dheskriptif. Titikan saka panliten dheskriptif, yaiku nggambarake konstituen-konstituen ujaran lan sesambungane ngenani semantik, sintaksis, lan fonologi, lumrahe uga nduweni wujud gramatikal utawa variabel-variabel (Kridalaksana, 2008:47).

Dhata

Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku ukara kang nduweni dhapur sintaktise LBMP ing karya wolung karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita. Dhata ing panliten iki nggunakake dhata sekunder. Dhata sekunder yaiku dhata tulis kang dijupuk saka sumber dhata. Dhata skunder iki bisa digoleki sajrone buku-buku. Dhata-dhata ing panliten iki saka asile nggoleki ing naskah lan buku. Dhata saka naskah lan buku kasebut banjur diolah lan dianalisis.

Sumber Dhata

Sunarto (2001:28) ngandharake yen panintinge pustaka sumber kayata kang wujud dokumen (film, video, lan informasi kang diolehake saka internet), jurnal, buku-buku, majalah ilmiah, lan maneka publikasi kang wis didokumentasekake iku kalebu panliten pustaka, mula panliten iki klebu panliten pustaka (library research) amarga sumber dhatane arupa buku antologi. Sumber dhata panliten yaiku papan kang digunakake kanggo nyimpen dhata (Arikunto, 2006:129).

Sumber dhata minangka sumber panggon kang dibutuhake dening panliti kanggo njupuk dhata. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku naskah-naskah sarta buku-buku asil reiptane Raden Ngabehi Ranggawarsita.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten sajrone panliten iki, yaiku karya-karya Raden Ngabehi Ranggawarsita lan panliti. Miturut Muhammad, instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten ana loro, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung (Muhammad, 2011:31). Panliti ing panliten iki minangka instrumen utama. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang golek dhata, nganalisis dhata lan nulis panliten iki. Dene instrumen panyengkuyung yaiku wolung karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita kang dadi objek panliten ing panliten iki.

Tatacara Nglumpulake Dhata

Tatacara nglumpulake dhata yaiku kanthi cara studi pustaka. Tatacara studi kapustakan, yaiku tatacara kang digunakake kanggo nggoleki lan nintingi sawenehing buku minangka bahan pustaka kang digunakake kanggo sumber tinulis. Banjur tatacara (teknik) cathet, yaiku tatacara kanthi nyathet sakabehing pamerangan adhedhasar teori kang digawe, isih ana gegayutane kalawan panliten. Saliyane iku, teknik nyathet digunakake kanggo nindakake cathet-cinathet marang dhata kang relevan, kang salaras marang sasaran lan ancas panliten. Tatacara nyathet ing panliten iki, katulis kanthi nggunakake piranti buku tulis lan polpen utawa potlot. Sabanjure dhata diwujudake kanthi mujudake klasifikasi dhata.

Tatacarane Njlentrehake Dhata

Tatacarane njlentrehake dhata kang ditindakake kanggo panjlentrehake dhata yaiku nggunakake cara kerja.

Tatacarane Nyuguhake Asile Jlentrehan Dhata

Tatacara nyuguhake asile jlentrehan dhata iki nuduhake upaya nyuguhake asil analisis dhata kang awujud laporan ngenani laporan apa wae kang diasilake sajrone panliten. Tatacara nulis panliten ing kene, yaiku kanthi cara informal. Tatacara nyuguhake dhata kanthi cara informal, yaiku menehake analisis dhata kanthi nganggo tembung-tembung kang lumrah (Sudaryanto, 1993:145).

ANDHARAN LAN JLENTREHAN DHATA SARTA ASIL PANLITEN

Bebasan kang Nduweni Wujud Ukara Lamba mawa Lesan tanpa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni bebasan yaiku ukarane bebasan kang mawa lesan lan tanpa gegane. Anane lesan ing kene minangka bab kang digayutake klawan wasesa ukara. Yen ora digayutake marang lesan, ukarane ora bisa muni.

Tabel: Karya-Karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita

Jinis	Judhul
Primbon	-
Sastra	Cemporet, Candrarini
Basa	-
Kawruh	Kalathida, Wirid Hidayat Jati, Jaka Lodhang, Sabda Tama, Sabda Jati, Wedharaga

Bebasan kang Nduweni Wujud Ukara Lamba tanpa Lesan mawa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni bebasan yaiku mawa geganep. Anane geganep ing kene minangka bab kang digayutake marang wasesane gatra bebasan. Yen ora digayutake marang geganep, ukarane ora bisa muni.

Saloka kang Nduweni Wujud Ukara Lamba mawa Lesan tanpa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni saloka yaiku ukarane saloka kang mawa lesan lan tanpa geganep. Anane lesan ing kene minangka bab kang digayutake klawan wasesa ukara. Yen ora digayutake marang lesan, ukarane ora bisa muni.

Saloka kang Nduweni Wujud Ukara Lamba tanpa Lesan mawa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni saloka yaiku ukarane kang tanpa lesan mawa geganep. Anane geganep ing kene minangka bab kang digayutake marang wasesane gatra geganep. Yen ora digayutake geganep, ukarane ora bisa muni.

Saloka kang Nduweni Wujud Ukara Lamba tanpa Lesan tanpa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktis kang diduweni dening saloka yaiku ukara saloka kang mawa lesan lan tanpa geganep. Sanajan ora ana lesan lan geganep, ukara kasebut isih bisa muni amarga ana jejer lan wasesa ukara kang wis bisa nuduhake ukara kasebut.

Saloka kang nduweni Wujud Tembung Camboran tanpa Lesan tanpa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni saloka yaiku ukarane saloka kang tanpa lesan lan tanpa geganep. Ora anane lesan lan geganep kasebut amarga wasesa kang awujud tembung kriya wis bisa nuduhake pakaryan.

Saloka kang Nduweni Wujud Ukara Camboran mawa Lesan lan tanpa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni dening saloka yaiku ukarane mawa lesan lan tanpa geganep. Anane lesan ing kene minangka perkara kang digayutake klawan wasesa ukara saloka kasebut. Bab iki nduweni teges yaiku pepindhan digayutake marang lesan. Yen ora digayutake marang lesan, ukarane ora bisa muni.

Sanepa kang Nduweni Wujud Ukara Lamba tanpa Lesan lan mawa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni sanepa yaiku ukarane sanepa kang tanpa lesan lan mawa geganep. Anane geganep ing sanepa minangka bab kang digayutake marang wasesane ukara. Tegese pepindhan digayutake klawan geganep. Sanajan ora nduweni lesan, nanging ukara sanepa kasebut isih bisa muni.

Sanepa kang Nduweni Wujud Ukara Lamba tanpa Lesan tanpa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni sanepa yaiku ukarane kang tanpa lesan lan tanpa geganep. Ora anane lan geganep kasebut amarga wasesa kang awujud tembung kriya wis bisa nuduhake pakaryan. Sanajan ora mawa lesan lan geganep, sanepa kasebut isih bisa muni.

Candra kang Nduweni Wujud Ukara Lamba tanpa Lesan lan tanpa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni candra yaiku ukarane kang tanpa lesan lan tanpa geganep. Ora anane lesan lan geganep kasebut amarga wasesa kang awujud tembung kriya wis bisa nuduhake pakaryan. Sanajan ora mawa lesan lan geganep, candra kasebut isih bisa muni.

Candra kang Nduweni Wujud Ukara Lamba tanpa Lesan mawa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni bebasan yaiku ukarane kang tanpa lesan mawa geganep. Anane geganep ing kene minangka bab kang digayutake marang wasesane gatra bebasan. Yen ora digayutake marang geganep, ukarane ora bisa muni.

Rumpaka kang Nduweni Wujud Ukara Lamba tanpa Lesan mawa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni rumpaka yaiku ukarane kang tanpa lesan lan mawa geganep. Ora anane lesan kasebut amarga wasesa kang awujud tembung kriya digayutake klawan geganep.

Rumpaka kang Nduweni Wujud Ukara Lamba tanpa Lesan tanpa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni rumpaka yaiku ukarane kang tanpa lesan lan tanpa geganep. Ora anane lesan lan geganep kasebut amarga wasesa kang awujud tembung kriya wis bisa nuduhake pakaryan. Sanajan ora mawa lesan lan geganep, rumpaka kasebut isih bisa muni.

Isbat kang Nduweni Wujud Ukara Lamba mawa Lesan tanpa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni isbat yaiku ukarane isbat kang mawa lesan tanpa geganep. Anane lesan ing kene minangka bab kang digayutake klawan wasesa ukara. Yen ora digayutake marang lesan, ukarane ora bisa muni.

Isbat kang Nduweni Wujud Ukara Lamba tanpa Lesan mawa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni isbat yaiku ukarane isbat kang tanpa lesan mawa geganep. Anane geganep ing kene minangka bab kang digayutake klawan wasesa ukara. Yen ora digayutake marang geganep, ukarane ora bisa muni.

Isbat kang Nduweni Wujud Ukara Lamba tanpa Lesan tanpa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang diduweni isbat yaiku ukarane kang tanpa lesan lan tanpa geganep. Ora anane lesan lan geganep kasebut amarga wasesa kang awujud tembung kriya wis bisa nuduhake pakaryan. Sanajan ora mawa lesan lan geganep, isbat kasebut isih bisa muni.

Isbat kang Nduweni Wujud Ukara Camboran tanpa Lesan tanpa Geganep

Salah sawijine dhapur sintaktise LBMP kang dinduweni isbat yaiku ukarane kang tanpa lesan lan tanpa geganep. Ora anane lesan lan geganep kasebut amarga wasesa kang awujud tembung kriya kasebut wis bisa nuduhake pakaryan.

Asil Panliten

Sawise dijlentrehake lan diandharake ngenani dhapur sintaktise LBMP ing ndhuwur, banjur ing kene kaandharake ngenani asil panliten. Saka andharan lan jlentrehan dhata ing ndhuwur bisa diweruhi menawa candra minangka jinis LBMP kang akeh ditemokake. Candra kasebut akeh tinemu ing serat Cemporet karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita. Dhata ngenani LBMP ing panliten iki uga akeh kang tinemu saka serat Cemporet.

Titikane jinis LBMP maneka warna adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhan. Titikan kasebut kang nuduhake wujud ukara pandhapuke LBMP. Kaping sepisan bebasan kang nduweni pandhapuke ukara, yaiku ukara lamba mawa lesan tanpa geganep lan ukara lamba tanpa lesan mawa geganep. Wujud ukara kasebut isih diperang adhedhasar titikane, yaiku (1) ukara lamba mawa lesan tanpa geganep nduweni guna wasesa awujud tembung kriya kanthi kalungguhan solah bawa lan objektif sarta guna lesan kang awujud tembung aran kanthi kalungguhan objektif ; lan (2) ukara lamba tanpa lesan mawa geganep nduweni guna wasesa awujud tembung kriya kanthi kalungguhan solah bawa lan kahanan sarta guna geganep awujud tembung aran kanthi kalungguhan objektif. Kaping pindo saloka kang nduweni wujud ukara, yaiku ukara lamba lan ukara camboran. Wujud ukara kasebut isih diperang adhedhasar guanane yaiku mawa lesan tanpa geganep, tanpa lesan mawa geganep, lan tanpa lesan tanpa geganep. Saloka nduweni titikan yaiku (1) guna jejer nduweni wujud tembung aran kanthi kalungguhan objektif; (2) guna wasesa nduweni wujud tembung kriya kanthi kalungguhan kahanan lan solah bawa; (3) guna lesan lan guna geganep nduweni wujud tembung aran kanthi kalungguhan objektif; sarta (4) anane guna K kang awujud tembung katrangan kanthi kalungguhan panggonan. Kaping telu sanepa kang nduweni wujud pandhapuke ukara, yaiku ukara lamba tanpa lesan mawa geganep lan ukara lamba tanpa lesan tanpa geganep. Adhedhasar titikane, ukara lamba kasebut nduweni guna jejer kang awujud tembung aran kanthi kalungguhan, guna wasesa kanthi wujud tembung kriya kanthi kalungguhan kahanan lan solah bawa, banjur guna geganep nduweni wujud tembung aran kanthi kalungguhan objektif. Kaping papat yaiku candra. Candra

nduweni wujud pandhapuke ukara, yaiku ukara lamba tanpa lesan tanpa geganep lan ukara lamba tanpa lesan mawa geganep. Candra adhedhasar titikane, yaiku guna jejer nduweni wujud tembung aran kanthi kalungguhan objektif, guna wasesa nduweni wujud tembung kriya kanthi kalungguhan solah bawa lan kahanan, lan geganep kang nduweni wujud tembung aran kanthi kalungguhan objektif. Kaping lima yaiku rumpaka. Rumpaka adhedhasar wujud pandhapuke ukara diperang dadi loro, yaiku ukara lamba tanpa lesan mawa geganep lan ukara lamba tanpa lesan tanpa geganep. Rumpaka nduweni titikan yaiku guna jejer nduweni wujud tembung aran kanthi kalungguhan objektif lan panandhang, guna wasesa nduweni wujud tembung kriya kanthi kalungguhan solah bawa lan kahanan, sarta guna geganep kang nduweni wujud tembung aran kanthi kalungguhan objektif. Nomer pungkasan yaiku isbat. Isbat adhedhasar wujud pandhapuke ukara diperang dadi loro, yaiku ukara lamba lan ukara camboran. Wujud pandhapuke ukara kasebut isih diperang dadi adhedhasar gunane, yaiku mawa lesan tanpa geganep, tanpa lesan mawa geganep, lan tanpa lesan tanpa geganep. Adhedhasar titikane, isbat nduweni guna jejer kanthi wujud tembung aran lan nduweni kalungguhan objektif, guna wasesa nduweni wujud tembung kriya kanthi kalungguhan solah bawa lan kahanan, guna lesan lan guna geganep nuduhake wujud tembung aran kanthi kalungguhan objektif, sarta guna katrangan awujud tembung katrangan kanthi kalungguhan wektu lan panggonan.

Dhiskusi Asil Panliten

Asile panliten kang wis dijlentrehake ing ndhuwur prelu didiskusikake. Jlentrehan panliten kang dhatane arupa LBMP prelu digayutake klawan teges saka jinis LBMP kang wis dijlentrehake ing bab II. Perkara kasebut ditindakake supaya bisa meruhi sesambungan antarane pamawase para ahli Basa Jawa ngenani tegese jinis LBMP lan titikane LBMP kang tinemu ing panliten iki.

Adhedhasar jlentrehan asile panliten, sesambungane teges karo titikane LBMP nuwuhake pamawas anyar ngenani LBMP, yaiku LBMP ora mung nduweni ukara kang ngemu pepindhan nanging uga nduweni dhapur sintaktis kang diperang dadi telu adhedhasar wujud, guna, lan kalungguhane. Dhapur sintaktise LBMP kasebut nuduhake wujud, guna, lan kalungguhan kang disandhang dening saben jinis LBMP. Saka andharan kasebut bisa meruhi wujud ukara kang diduweni dening saben jinis LBMP. Mula titikan ing asile panliten iki bisa nyengkuyung pamawase para ahli Basa Jawa ngenani teges saben jinis LBMP supaya luwih cetha lan gamblang.

PANUTUP

Dudutan

Panliten ngenani dhapur sintaktise LBMP ing wolung karyane Raden Ngabehi Ranggawarsita kasebut ngasilake wujud ukara kang ndapak LBMP. Wujud ukara kasebut bisa didadekake titikan saka jinis LBMP, kang sadurunge miturut Patmosoekotjo lan Subalidinata mung ngandharake lelewane basa adhedhasar teges sarta pindha

lan kang dipindhakake. Bab kasebut dianggep durung cetha lan malah gawe bingung.

Pamerange LBMP adhedhasar wujud ukara, yaiku (1) bebasan nduweni wujud ukara lamba; (2) saloka nduweni wujud ukara lamba lan ukara camboran; (3) sanepa nduweni wujud ukara lamba; (4) candra nduweni wujud ukara lamba; (5) rumpaka nduweni wujud ukara lamba; lan (6) isbat nduweni wujud ukara lamba lan camboran.

Ukara LBMP kang awujud ukara lamba lan camboran kasebut isih diperang adhedhasar gunane ukara, yaiku (1) bebasan nduweni gunane ukara mawa lesan tanpa geganep lan tanpa lesan mawa geganep; (2) saloka nduweni gunane ukara mawa lesan tanpa geganep, tanpa lesan mawa geganep, lan tanpa lesan tanpa geganep; (3) sanepa nduweni gunane ukara tanpa lesan mawa geganep lan tanpa lesan tanpa geganep; (4) candra nduweni gunane ukara tanpa lesan tanpa geganep lan tanpa lesan mawa geganep; (5) rumpaka nduweni gunane ukara tanpa lesan mawa geganep tanpa lesan tanpa geganep; lan (6) isbat nduweni gunane ukara mawa lesan tanpa geganep, tanpa lesan mawa geganep, lan tanpa lesan tanpa geganep.

Pamrayoga

Asile panliten iki isih akeh lupute, mula panliti ngarepake ana panyaru kang asipat mangun supaya panliten sabanjure bisa kasil luwih apik. Saliyane iku panliti uga menehake pramayoga kanggo panliten ngenani dhapur sintaktise LBMP ing Basa Jawa, yaiku (1) isih akeh topik panliten ngenani dhapur sintaktise LBMP kang durung ditliti, mligine kanggo para mahasiswa basa Jawa diajab bisa luwih sregep nindakake panliten ngenani dhapur sintaktise LBMP, lan (2) dhapur sintaktise LBMP mesthine nduweni luput lan kurang. Mula diajab ana panliten kang bisa menehi koreksi tumrap asile panliten.

KAPUSTAKAN

Adipitoyo, Sugeng. 2002. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa Dialek Surabaya*. Surabaya: Departemen Pendidikan Nasional Republik Indonesia Universitas Negeri Surabaya.

Adipitoyo, Sugeng. 2013. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana.

Aminudin, 1991. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.

Antunsohono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Djogjakarta: Penerbit Soejadi.

Arifin, S. 1990. *Tipe-tipe Klausa Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Chaer, Abdul. 2003. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.

Djasudarma, fatimah. 1993. *Metode Linguistik, Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: Erisco.

Endraswara, Suwardi. 2011. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: CAPS.

Kamajaya, 1980. *Pujangga Ranggawarsita*. Jakarta: Balai Pustaka.

Keraf, Gorys. 2000. *Tata Bahasa Indonesia*. Flores: Nusa Indah.

Kridalaksana, H. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Poerbatjaraka, 1952. *Kapustakan Djawi*. Jakarta: Djambatan.

Poerbatjaraka, 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Purworedjo: Hoon So Hin.

Poerbatjaraka, S. 1979. *Memetri Basa Jawa Jilid I*. Surabaya: C.V. Citra Jaya.

Poerbatjaraka. 1979. *Memetri Basa Jawa Jilid II*. Surabaya: C.V. Citra Jaya.

Poerwodarminta. 1953. *Sarining Paramasastra Jawa*. Jakarta: Noordon Kholff N.V.

Ronggowarsita, 1958. *Sapta Dharma*. Kediri: Tan Khoen Swie.

Sasangka, Sry Satya Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrak Anyar Basa Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Paramalingua.

Subagyo, Rahmad. 2009. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: Fakultas Bahasa dan Sastra Universitas Negeri Surabaya.

Subalidinata. 1994. *Sarining Kasusastran Jawa*. Jogjakarta: P.T. Jaker

Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Jogjakarta: Duta Wacana University Press.

Sudaryanto, 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

Verhaar. 2006. *Azaz-azaz Linguistik umu*. Yogyakarta: Universitas Negeri Gajahmada.

Wahab, Abdul, 1991. *Isu Linguistik Pengajaran Bahasa dan Sastra*. Surabaya: Airlangga University Press.

Wedhyawati, dkk. 2001. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.